Mutumwa anozviratidza kuna Maria na Josefa.

Josefa

1. Maria wakanga watsidzira kuwanikwa naJosefa somukadzi wake. Akatambudzika kwazvo kunzwa kuti Maria aizova nomwana. Wakafunga kuiteiko?
2. Ko chii chakashandura pfungwa dzake?
3. Ko chii chakatanga kuudzwa Josefa nomutumwa?
4. Ko mutumwa akamuudza kuti aitei?
5. Ko Maria akava nemimba sei?
6. Mutumwa akati Jesu aizozvarirwei?
7. Ko Josefa akaitei paakamuka kubva muhope?

Maria

8. Ko mutumwa akakwazisa sei Maria?
9. Ko Maria akzvitora sei?
10. Ko mutumwa akatii mukuedza kumunyaradza?
11. Mashoko akanga auya nomutumwa ndeapi?
12. Maria aiva mhandara asina kumboziva murume. Ko akazova nepamuviri sei?
13. Ko Jesu azodaidzwa kuti ani?
14. Ko ndeapi mamwe mashoko akataurwa nomutumwa kuna Maria?
15. Mhinduro yaMaria yaiti kudiniko?

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona
Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare

Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa



Tazvarirwa Mwana, tapiwa Mwanakomana. Muprofita Isaya 9:6

RUKA 1:26-38 - *Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa*

26 Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa Gabhurieri
kuNazareta, guta riri muGarirea, 27 kumhandara yakanga yatsidzira
kuwanikwa nomurume ainzi Josefa, chizvarwa chaDhavhidhi. Zita
remhandara iyi rainzi Maria.

28 Mutumwa akasvika kwaari akati, “Kwaziwa, iwe wakanzwirwa
nyasha zvikuru! Ishe anewe.”

29 Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye akashamiswa
kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii.

30 Asi mutumwa akati kwaari, “Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha
naMwari. 31 Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana,
ugomutumidza zita rokuti Jesu. 32 Iye achava mukuru uye achanzi
Mwanakomana woWokumusoro-soro. Ishe Mwari achamupa
chigaro choushe chababa vake Dhavhidhi, 33 uye achatonga
pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi; umambo hwake
hahungatongogumi.”

34 Maria akabvunza mutumwa akati, “Ko, izvi zvichaitika seiko sezvo
ini ndiri mhandara?”

35 Mutumwa akapindura achiti, “Mweya Mutsvene achauya
pamusoro pako, uye simba roWokumusoro-soro richakufukidza.
Saka mutsvene achazvarwa achanzi Mwanakomana waMwari.
36 Kunyange hama yako Erizabheti achava nomwana pamazuva
okukwegura kwake, uye mwedzi uno ndowechitanhatu kuna iye ainzi
asingabereki. 37 Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi naMwari.”

38 Maria akati, “Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri
sezvamareva.” Ipapo mutumwa akabva paari.

Mateo 1:18-25 - *Kuberekwa kwaJesu Kristu*

18 Uku ndiko kuberekwa kwakaitwa Jesu Kristu: Maria, mai vake
vainge vatsidzirwa kuroorwa naJosefa, asi vasati vagara vose, achiri
mhandara, akaonekwa ava napamuviri nokuda kwaMweya Mutsvene.

19 Asi nokuda kwokuti Josefa akanga ari munhu akarurama akafunga
zvokumuramba chinyararire, asingamunyadzisi pavazhinji.
20 Asi achiri kufunga nezvenyaya iyi, mutumwa waIshe akauya
kwaari mukurota akasvikoti, “Josefa, mwana waDhavhidhi,
usatya kutora Maria somukadzi wako nokuti pamuviri paava napo
akapabata nokuda kwesimba raMweya Mutsvene. 21 Achava
nomwana mukomana wauchazotumidza zita rokuti Jesu nokuti ndiye
achaponesa vanhu vake kubva muzvivi zvavo.”

22 Izvi zvose zvakaitika kuti zvizadzise zvakanga zvataurwa
naIshe kubudikidza navaprofita vake zvokuti: 23 “Mhandara ichava
napamuviri, igozvara mwana mukomana, uye vachamutumidza
zita rokuti Emanueri, zvichireva kuti, ‘Mwari anesu.’” 24 Josefa
paakapepuka, akaita sezvaakanga arayirwa nomutumwa waIshe,
uye akatora Maria somukadzi wake, 25asi haana kusangana naye
kusvikira azvara mwana mukomana. Akamutumidza zita rokuti Jesu.

(Verengawo Muprofita Isaya 7:14 NaMuprofita Mika 5:12)